



# **SISTEM PAKASABAN URANG SUNDA**

## **PAKASABAN SACARA UMUM**

**Pakasaban nu utama nyaeta tatanen,  
boh tatanen pare, sasayuran,  
bungbuahan, jeung kekembangan.  
Kekebonan lumayan loba di ieu daerah,  
upamana kebon enteh, cengkeh, tiwu,  
kina.**


**Jawa Barat oge kasohor ku  
kaendahan alamna sarta masarakatna  
nu someah hade ka semah**

# **PAKASABAN NU AYA DI JAMAN KIWARI**

**pagawe negeri ,  
pangusaha, padagang,  
patani, nalayan, jeung  
nu lianna.**



**PAKASABAN URANG**  
**Baduy/Kanéhés**  
**MANGRUPA GAMBARAN**  
**PAKASABAN URANG**  
**SUNDA BUHUN**



**Kabeh urang Kanékés hirup tina hasil tatanen, Ku cara ngahuma. Salian ti eta, nyadap, moro di leuweung, newak lauk di walungan, neangan madu, ngusahakaeun melak tutuwuhan bungbuahan . Sawaréhna deui jadi tukang nyieunan pakakas tina beusi di antarana: gobang, kujang, koréd, baliung. Pikeun awewe mah sok nyieunan kaén maké *pakara* alat tinun nu baheula, hasilna mangrupa kaén, selendang, bahan kabaya, bahan baju lalaki. Geus tangtu di antarana ogé aya ahli dina ngawangun imah.**

## **PANGABUTUH NU CAN KACUMPONAN TI LUAR**

**Manéhna meuli barang kabutuhan hirup nu can kacumponan ti luar, misalna kaén, lauk asin, uyah, kaca.**



# **PRINSIP NGAHUMA URANG Kanékés**

- o paré jadi milik nu ngahuma, tapi taneuhna teu meunang dipimilik.
- o matakna muterna jeung cara ngolah/ngagarap huma dipangaruhan pisan ku pola hirupna.
- o miboga sistem kalender nu luyu jeung pola/cara kagiatan tatanén maranéhna

# **KALENDER**

## **URANG Kanékés**

- Bulan kahiji urang Kanékés babarengan ngamimitian kagiatan ngahuma, nya éta mangsa Kapat numutkeun kalender Jawa. Bulan-bulan saterusna nya éta bulan ka-2=mangsa kalima, bulan ka-3= mangsa kanem, bulan ka-4= mangsa kapitu, bulan ka-5= mangsa kawolu, ka-6= mangsa kasanga, ka-7= mangsa kadasa, ka-8= Hapit kai, ka-9= Hapit Lemah, ka-10= mangsa kasa, ka-11= mangsa karo, jeung ka-12= mangsa katiga.



**Pakakas nu dipaké urang Kanékés pikeun  
ngitung kalender**

- **Kolénjer**
- **sastra**
- **bintang**
- **panon poé ,sarta**
- **saran lancang kijang nu biasa  
nyarang dina jukut nu barolong  
mangsa nanggalkeun kidang**

# Jenis Huma

- o huma serang
- o huma puun
- o huma tangtu
- o huma Tuladan
- o huma Panamping

## Tempat ngahuma

- Urang Panamping geus ngalobaan nu ngajadikeun tempat ngahuma kurang, maranéhna nyéwa di luar Kanékés.
- Urang Kanékés nu ditempatkeun ku pamaréntah di luar Kanékés, nya éta di Gunung Tunggal nu nempatan urutan pakebonan disadiakeun ogé lahan pikeun ngahuma.

## Cara Ngagarap

- Tempat ngahuna ngan saukur paké sakali dina sataun, tempat ngahuma nu anyar ditinggalkeun disebut *jami* mun nu geus jadi loba jukut jeung sagala disebutna *reuma*.
- muterna tempat sok marengan angka ganjil sabab dipercaya matak mawa alus, mun genap matak mawa goreng
- Di Kanékés Tangtu jangka waktu lilana bisa 7-9 taun éta cukup pikeun nyuburkeun deui taneuh.
- Mimitina mah di daérah Kanékés Panamping ogé siga di daérah Tangtu tapi ku sabab masaraktna nambahan loba beuki nurun jadi 5 taun sakali,
- malah ayeuna mah 3 taun sakali sabab dua taun deui dipaké pikeun ngahuma di daérah séwaan di luar Kanékés.

## Proses Ngahuma

Ngahuma béda jeung nyawah sabab merlukeun cara ngagarap tur upacara nu lila, sabab ieu geus aya dina mangsa pra-Islam.



## Prosés ngahuma ditilik tina bintang Kidang

- Tanggal kidang
- Kidang rumangsang
- Kidang muhunan
- Kidang ilang

# Ditilik tina Kagiatan ngahuma ngaliwatan 9 tahap

- **Narawas**
- **Nyacar**
- **Nukuh**
- **Ngaduruk**
- **Ngaseuk**
- **Ngirab**
- **Ngoréd**
- **Ngabuat**
- **ngunjal/ngakut**

**Runtuyan prosés ngagarap huma éta  
nandakeun ogé urutan waktu ngagarapna:**

- Narawas dipigawé dina bulan kahiji kalénder Kanéhés atawa mangsa kapat kalénder Jawa
- Nyacar dipigawé dina bulan kadua atawa mangsa kalima kalénder Jawa.
- Nukuh dina bulan katilu atawa mangsa kanem
- Ngaduruk dina mangsa kaopat atawa mangsa kapitu.
- Ngaseuk dina bulan kalima atawa mangsa kawolu
- Ngirab sawan dina mangsa bulan kadalapan atawa mangsa kasawelas (Hapit Kayu)
- Ngoréd dina bulan kasalapan atawa mangsa karolas (Hapit lemah).
- Dibuat dina bulan kasapuluh atawa mangsa kasa,jeung
- Ngunjal dina bulan kasawelas atawa mangsa karo.

## Upacara *ngolah* binih

- Nurunkeun binih ti leuit sapoe saméméhna melak paré
- Ngahudangkeun Nyi Pohaci ku cara ngucapkeun kekecapan saperti kieu : “Tabé, Nyi Pohaci Sanghiyang Asri. Hayu urang ngalih ka weweg sampeg, ka mandala pageuh! Mangka tetep, mangka langgeng, balik ka imah beurang kénéh!”
- Ngaleupaskeun béas ku cara diirik (ditincakan) dina nyiru
- Ngamantraan paré anu aya dina boboko.
- Nu aya dina éta patempatan jadi saksi tur ngadoakeun supaya hasil tur langgeng, terus boboko dikurilingkeun diiringan ku angklung anu mawakeun lagu pangreremo, aya ogé nu nyanyi ku jaro angklung.

## Upacara *ngolah* binih

- Isukna jam 05.30 binih paré diarak ka huma sérang
- Sanggeus nepi ka tempat anu dituju sakabéh sora eureun, terus boboko binih ditempatkeun di *pupuhuan* nya éta hiji tempat anu legana kira-kira sameter pasagi, nu ditandaan ku awi sameteran jangkungna.
- Terus pamingpin adat *ngukus* nya éta ngaduruk kai gaharu nu haseupna sengit, tujuanana pikeun nyuhunkeun widi ka anu Maha Kawasa.
- Kokolot nyieun aseuk jeung tungtungna dibalur minyak seungit, aseuk téh satuluyna dipaké pikeun nyieun liang 7 dijero *pupuhuan* sarta tujuh di luar *pupuhuan*.



## Miara paré urang Kanékés

- *lahiriah* (huma teu dipacul sabab jadi pantrangan, nu matak taneuhna tara longsor/érosi. Pameuleuman tina regang jeung dangdaunan nu gararing sok dipaké gemuk. Mun kaserang hama maké ramuan obat mangrupa nutu pucuk daun cangkudu, pucuk bangban, kulit tangkal jeungjing, tuluy ditinyuh ku cuka geus kitu diawurkeun unggal pasosoré),
- *batin* (ngayakeun seni pantun lakon Langgasari kolot, jeung angklung sarta masang kolécér ditangtungkeun dina awi nu leuleus di daérah Panamping jeung calintuh. Tujuanana pikeun ngahibur Nyi Pohaci Sanghiyang Asri. Ti 4 bulan urang Kanékés cicing di huma, pikeun nungguan paré nepi ka siap dipanén. Salila nungguan paré ulah ngalakukeun hubungan ewe-salaki, pikeun ngahormat Nyi Pohaci.